



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Kanca Anyar

## Temam Baru



Penulis: Latif Nur Janah  
Ilustrator: Eros Rosita







KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Kanca Anyar Teman Baru

Penulis : Latif Nur Janah  
Ilustrator : Eros Rosita  
Penerjemah : Latif Nur Janah

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **Kanca Anyar**

### **Teman Baru**

Penulis : Latif Nur Janah

Ilustrator : Eros Rosita

Penerjemah : Latif Nur Janah

Penyunting : Nindwihapsari

Penata Letak : Eros Rosita

### **Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-587-3 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Spicy Burger, Calibri

ii, 32 hlm: 21 x 29,7 cm.

# Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Bu Guru maringi tugas gawe poto. Poto para siswa nalika ngrewangi gaweyane ibu utawa bapake. Poto ditumpuk sadurunge prei semesteran. Saliyane kuwi, bakal ana tugas anyar.

Tekan omah, aku matur marang Ibu babagan tugas poto lan tugas anyar mau. Ibu sing lagi ngirisi gori ing tampah malah mesem.

“Lha, Ibu ya ora ngerti ta, Ndhuk,” ngono ngendikane Ibu. Astane katon kelet amarga pulut gori.

Ibu Guru memberi tugas membuat foto. Foto para siswa ketika membantu ibu atau bapak. Foto dikumpulkan sebelum libur semester. Selain itu, akan ada tugas baru.

Sesampai di rumah, aku bercerita kepada Ibu tentang tugas foto dan tugas baru itu. Ibu yang tengah memotong angka muda di tampah malah tersenyum.

“Lha, Ibu juga tidak tahu, Nak,” begitu kata Ibu. Tangannya tampak lengket karena getah angka muda.

“Kula kok pengin mangertos nggih, Bu,”

“Ya, mesthi. Ibu dadi melu mikir, kok,” Ibu nerusake ngendikane. Saka pasuryane, Ibu uga katon *penasaran*.

Sawise salin lan maem, aku bali menyang pawon. Ibu wus rampung ngirisi gori kanggo mangsak gudheg. Gudheg mangsakane Ibu ora patia legi kaya sing lumrah dimangsak wong Yogyakarta. Gudheg kuwi dadi panganan klengenane Bapak.

“Aku ko, penasaran ya, Bu,”

“Ya, pasti. Ibu jadi ikut mikir, kok,” Ibu meneruskan pembicaraan. Dari raut wajahnya, beliau juga tampak penasaran.

Sesudah ganti pakaian dan makan, aku kembali ke dapur. Ibu sudah selesai memotongangka muda untuk masak gudeg. Gudeg yang dimasak Ibu tidak terlalu manis seperti gudeg masakan orang Yogyakarta. Gudeg itu menjadi makanan favorit Bapak.



Ibu piyayi asli Yogyakarta, nanging piyembake ora seneng legi. Ibu nalika mangsak gudheg rasane gurih. Kanggo mepaki lawuh, Ibu uga nyambel trasi. Sambel iku cocog kanggo aku lan Bapak sing pancen seneng pedhes.

Nalika aku ngrewangi Ibu mangsak, Bapak kondur saka kantor. Bapak ngasta koran lan telpon. Nalika weruh Bapak ngasta telpon, aku enggal matur babagan tugasku saka Bu Guru.

“Kene, dakpotone! Kowe mapana karo ibumu!” dhawuhe Bapak marang aku.

Aku lan Ibu banjur mapan ing ngarep pawon. Banyu ing kuwali wis umob. Ibu nyemplungake irisan gori. Aku murupake geni nganggo semprong. Bapak sedhiya karo telpone. *Cekrek! Cekrek!* Keprungu swara kamera saka telpon.

Ibu penduduk asli Yogyakarta, tetapi Beliau tak suka manis. Ibu saat memasak gudeg terasa gurih. Untuk melengkapi lauk, Beliau membuat sambal terasi. Sambal itu cocok untuk aku dan Bapak yang memang suka pedas.

Ketika aku membantu Ibu memasak, Bapak pulang dari kantor. Beliau membawa koran dan ponsel. Saat melihat Bapak membawa ponsel, aku segera bercerita tentang tugasku dari Ibu Guru.

“Sini, Bapak foto! Kamu bersiaplah dengan ibu!” perintah Bapak kepadaku.

Aku dan Ibu bersiap di depan tungku. Air di panci sudah mendidih. Ibu memasukkan potongan nangka muda. Aku membesarkan nyala api dengan semprong. Bapak bersiap dengan ponselnya. *Cekrek! Cekrek!* Terdengar suara kamera dari ponsel.



Dina iki, tugas foto ditumpuk. Ing dalan, aku ngira-ira tugas anyar saka Bu Guru. Nalika mlebu, Bu Guru mirsani foto mau siji-siji. Sajake, Bu Guru marem karo tugas sing diparingake.

“Ana sing arep takon babagan tugas iki?” pandangune Bu Guru.

Bocah sakelas ora ana sing ngacung. “Apa ora padha *penasaran* ngendikane Bu Guru mbiyen kae, ya?” aku mbatin.

Hari ini, tugas foto dikumpulkan. Di jalan, aku menebak-nebak tugas baru dari Ibu Guru. Saat masuk, Ibu Guru melihat foto itu satu per satu. Sepertinya, Beliau puas dengan tugas yang diberikan.

“Ada yang mau bertanya tentang tugas ini?” tanya Ibu Guru.

Siswa sekelas tak ada yang mengangkat tangan. “Apakah tidak ada yang penasaran dengan ucapan Ibu Guru dulu, ya?” batinku.

“Kula, Bu. Kula badhe nyuwun pirsane. Sejatosisipun, poto menika kagem napa?” pitakonku.

Bu Guru banjur nerangake babagan poto lan tugas anyar. Kanthi poto mau, Bu Guru arep maringi tugas nulis layang. Layang ditulis kanggo kanca saka sekolah liya. Para siswa bisa nyritakake apa wae sing isih jumbuh karo potone.

Bu Guru ngendika menawa para siswa bakal nduwe kanca anyar kanthi layang mau. Kanca anyar mau diarani *sahabat pena*, yaiku kekancan kanthi sarana kirim-kiriman layang. Bu Guru banjur maringake maneh poto mau marang para siswa.

“Saya, Bu. Saya mau bertanya. Sebenarnya, foto itu untuk apa?” tanyaku.

Ibu Guru lalu menjelaskan tentang foto dan tugas baru. Dengan foto itu, Beliau akan memberi tugas menulis surat. Surat ditulis untuk teman-teman dari sekolah lain. Para siswa bisa menceritakan apa saja yang sesuai dengan foto mereka.

Ibu Guru berkata bahwa para siswa akan mempunyai teman baru dengan surat tadi. Teman baru itu disebut *sahabat pena*, yaitu hubungan pertemanan dengan berkirim surat. Ibu Guru lalu membagikan lagi foto itu kepada para siswa.

Tekan omah, daksawang potoku. Sawise leren, aku lungguh kursi ing emper. Aku pancen seneng sinau ing emper amarga idhum lan eyub. Ing emper, akeh kembang tandurane Ibu sing digantung ing pot-pot cilik.

Poto lan dluwang salembur wis cumepak ing meja. Aku malah bingung arep miwiti nulis saka ngendi. Kamangka, ing sekolah mau, kaya-kaya akeh banget sing pengin daktulis.

Aku eling, Ibu mau methil gori saka kebon. Aku banjur nulis babagan golek gori ing kebon nganti dimangsak dadi gudheg. Sithik mbaka sithik, ukaraku dadi dawa.

Sesampainya di rumah, kupandangi fotoku. Usai istirahat, aku duduk di kursi teras. Aku memang senang belajar di teras karena hawanya sejuk dan rindang. Di teras, banyak bunga yang ditanam Ibu yang digantung di pot-pot kecil.

Foto dan selembur kertas sudah siap di meja. Aku malah bingung akan memulai menulis dari mana. Padahal, di sekolah tadi, seolah-olah banyak sekali yang ingin kutulis.

Aku ingat, Ibu tadi memetik nangka muda dari kebun. Aku lalu menulis tentang memetik nangka muda di kebun sampai dimasak menjadi gudeg. Sedikit demi sedikit, kalimatku jadi panjang.



“Wis rampung nulise, Rum?” dumadakan keprungu swarane Bapak. Bapak banjur lenggahing sisihku.

“Kirang sekedhik, Pak,” wangsulanku.

Sawise rampung, tulisanku banjur dakduduhake Bapak. Bapak katon remen maos tulisanku.

“Apik iki, Rum. Kancamu mesthi seneng banget,” ngendikane Bapak.

“Sudah selesai menulis, Rum?” tiba-tiba terdengar suara Bapak. Beliau lalu duduk di sampingku.

“Kurang sedikit, Pak,” jawabku.

Setelah selesai menulis, tulisanku kuperlihatkan kepada Bapak. Bapak tampak senang membaca tulisanku.

“Bagus ini, Rum. Temanmu pasti senang,” kata Bapak.


Dakwaca maneh layang sing daktulis. Rasa-rasane, layang iki wis pepak. Crita saka golek gori nganti dadi gudheg wis dakbabarake.

Kaya ngendikane Bapak mau, muga-muga wae sapa sing nampa bakal seneng. Aku dadi ora kanti nunggu dina kanggo numpuk layangku iki.

Kubaca lagi surat yang kutulis. Rasa-rasanya, sekarang surat ini sudah lengkap. Cerita dari memetik angka muda sampai menjadi gudeg sudah kujelaskan.

Seperti kata Bapak, semoga siapa pun yang menerima akan senang. Aku jadi tak sabar menunggu hari untuk mengumpulkan suratku ini.





Dina sing daktunggu teka. Bu Guru mlebu kelas ngasta lodhong. Lodhong diisi jenenge sapa wae sing bakal nampa layang. Para siswa didhawuhi numpuk layange ing meja. Bu Guru banjur mundhut siji. Jebule jenengku sing disebut.

Bu Guru banjur ngundhi jeneng ing lodhong. Para siswa ora uwal saka Bu Guru. Kabeh padha kepengin ngerti sapa wae bakal kanca anyare dhewe-dhewe.

“Arum, kowe oleh kanca anyar sing jenenge Pandu,” ngendikane Bu Guru .

Bocah sekelas padha rame. Kabeh sansaya greget ngerteni sapa kanca anyare.

Hari yang kutunggu telah tiba. Ibu Guru masuk kelas membawa toples. Toples diisi nama penerima surat. Para siswa diminta mengumpulkan surat mereka di meja. Ibu Guru lalu mengambil satu lembar. Ternyata, suratku yang disebut.

Ibu Guru lalu mengundi nama-nama di dalam toples. Pandangan siswa tidak lepas dari Ibu Guru. Semua penasaran dengan teman baru masing-masing.

“Arum, kamu dapat teman baru bernama Pandu,” kata Ibu Guru.

Seluruh kelas bersorak-sorai. Semua semakin penasaran siapa teman barunya.

Let sawetara wektu, Bu Guru ngendika menawa layang arep diwalesi. Sawise layang diwalesi, kekancan bisa diterusake kanthi sarana *internet* utawa *online*.

“Bu, punapa sae kekancan kanthi *online* punika?” pitakonku ora sranta.

Bu Guru nerangake, kekancan kanthi *online* ora ana eleke. Nanging, wong tuwa kudu pirsane. Kabeh kanggo njagani perkara sing ora becik.

Selang beberapa waktu, Ibu Guru berkata bahwa surat akan dibalas. Usai surat dibalas, pertemanan bisa dilanjutkan dengan sarana internet atau daring.

“Bu, apakah cara berteman secara daring itu baik?” tanyaku tak sabar.

Ibu Guru menjelaskan, berteman secara daring tak ada jeleknya. Namun, harus sepengetahuan orang tua. Semua untuk berjaga-jaga dari hal-hal yang kurang baik.

Prei semesteran rasane suwe tenan. Prei rong minggu kaya sewulan. Pikiranku ora uwal saka layang sing dakkirim. Saliyane kuwi, aku uga eling ngendikane Bu Guru babagan kekancan kanthi *online*. Banjur kepiye carane, ya?

Aku bungah nalika mlebu sekolah. Dina iki, Bu Guru arep maringake layang saka kanca-kanca. Aku kepengin banget maca layang walesan saka Pandu.

Libur semesteran terasa lama sekali. Libur dua minggu serasa satu bulan. Pikiranku tidak bisa lepas dari surat yang kukirim. Selain itu, aku teringat ucapan Ibu Guru tentang berteman secara daring. Lalu, bagaimana caranya, ya?

Aku gembira ketika masuk sekolah. Hari ini, Ibu Guru akan membagikan surat dari sahabat pena. Aku tidak sabar membaca surat balasan dari Pandu.

Tekan omah, enggal dakbukak layange Pandu. Aku wis lungguh ing emper. Hawa panas ilang sithik mbaka sithik. Angin sumilir ngobahake godhong-godhong ing pot sing gumantung sacedhakku.

Aku gumun karo tulisane Pandu sing apik. Dheweke seneng karo critaku babagan golek gori. Dheweke uga crita menawa durung tau maem gudheg. Mula, seneng banget karo critaku.

Critane Pandu malah njalari pitakonan ing atiku. Kok, ana bocah sing durung tau maem gudheg, ya? Sangertiku, gudheg wis kondhang ing tlatah saliyane Yogyakarta.

Sesampainya di rumah, segera kubuka surat dari Pandu. Aku sudah duduk di teras. Udara panas berangsur hilang. Angin semilir menggerakkan daun-daun di pot-pot yang tergantung di dekatku.

Aku takjub dengan tulisan Pandu yang amat bagus. Ia senang dengan ceritaku tentang memetik nangka muda. Ia juga bercerita bahwa belum pernah makan gudeg. Ia teramat senang dengan ceritaku.

Cerita Pandu justru menimbulkan pertanyaan di benakku. Kok, ternyata masih ada anak yang belum pernah makan gudeg, ya? Setahuku, gudeg sudah terkenal di wilayah selain Yogyakarta.

“Kok, sajake seneng tenan nampa layang?” pandangune Ibu nalika aku rampung maca. Aku ora ngerti menawa wiwit mau Ibu mirsani.

“Bu, ingkang wonten ngandhap layang menika alamat punapa?”

“Kok, sepertinya senang sekali menerima surat?” tanya Ibu usai aku membaca. Aku tidak tahu kalau sejak tadi Ibu memperhatikan.

“Bu, yang di bawah surat ini alamat apa?”



“Iki jenenge alamat *email*, singkatan saka *electronic mail* utawa layang *elektronik*.”

Aku banjur eling ngendikane Bu Guru. Mungkin, iki sing diarani kekancan kanthi sarana internet utawa *online*.

Ibu banjur mundhut *telepon*. Aku diajari Ibu gawe layang *elektronik*. Ora let suwe, layang *elektronik*-ku dadi. Pandu banjur daklebokake ing daftar *kontak*-ku.

“Ini alamat *email*, singkatan dari *electronic mail* atau surat elektronik.”

Aku lalu ingat ucapan Ibu Guru. Barangkali, inilah yang disebut berteman dengan sarana internet atau daring.

Ibu lalu mengambil ponsel. Aku dibimbing Ibu untuk membuat alamat surat elektronik. Tidak lama, surat elektronikku jadi. Pandu lalu kumasukkan ke dalam daftar kontakku.



Wis sawetara wektu aku lan Pandu kirim-kiriman layang *elektronik*. Pancen bener, *teknologi* bisa marakake gaweyan samsaya ringkes. Layang sing padatane ditulis tangan, saiki cukup ditik.

Minggu ngarep, Pandu lan ibune arep dolan menyang omahku. Aku kepengin banget ngajak Pandu menyang kebon methik gori. Ing layange kapungkur, Pandu crita menawa ibune, kang asma Bu Gayatri, kepengin bisa mangsak gudheg.

Sudah beberapa waktu aku dan Pandu berkirim surat elektronik. Memang benar, teknologi bisa meringkaskan pekerjaan. Surat yang dulunya ditulis tangan, sekarang hanya perlu ditik.

Minggu depan, Pandu dan ibunya akan berkunjung ke rumahku. Aku ingin sekali mengajak Pandu ke kebun memetik nangka muda. Di surat elektronik yang lalu, Pandu bercerita bahwa ibunya, yang bernama Bu Gayatri, ingin belajar memasak gudeg.



Nalika Pandu lan Bu Gayatri teka, aku lan Ibu lagi lungguhan ing emper. Pandu lan ibune nitih pit montor. Bu Gayatri ngasta oleh-oleh jeruk.

“Mangga pinarak, Bu! Mangga, mangga, Dhik Pandu!” Ibu sigrak nyumanggakake tamune.

Ketika Pandu dan Bu Gayatri datang, aku dan Ibu sedang duduk di teras. Bu Gayatri naik sepeda motor. Beliau membawa oleh-oleh jeruk.

“Mari, silakan, Bu! Mari, mari, Dik Pandu!” Ibu bersemangat menyambut tamunya.

Sawise lungguh lan tetepungan, Ibu banjur ngajak Bu Gayatri menyang kebon. Ibu methik gori loro. Sing siji arep dimangsak. Sijine diparingake marang Bu Gayatri.

Pandu wis setaun pindhah ing Yogyakarta. Bu Gayatri piyayi Sumedang, Jawa Barat. Mula, Bu Gayatri durung kulina mangsak gudheg.

Usai duduk dan berkenalan, Ibu mengajak Bu Gayatri ke kebun. Beliau memetik dua buah nangka muda. Satu akan dimasak. Satunya lagi diberikan kepada Bu Gayatri.

Pandu sudah setahun pindah ke Yogyakarta. Bu Gayatri asli orang Sumedang, Jawa Barat. Sebab itulah, beliau belum terbiasa memasak gudeg.

Gori sing wis dionceki, diirisi dening Ibu. Bu Gayatri marut krambil. Ibu banjur ngulek bumbu. Bu Gayatri mirsani kanthi tenanan nganti gudhege mateng.

Ibu mundhut gudheg sing wis mateng banjur diwadahne ing rengkot. Sinambi ngenteni Bapak kondur, aku lan Pandu crita babagan sekolah. Ibu lan Bu Gayatri mirsani tanduran ing emper.

Sawise Bapak rawuh, Ibu ngajak Bu Gayatri lan Pandu maem. Bu Gayatri lan Pandu seneng banget mangsakane gudheg Ibu. Kabeh padha marem karo masakane Ibu.

Nangka muda yang sudah dikupas, dipotong oleh Ibu. Bu Gayatri memarut kelapa. Ibu lalu mengulek bumbu. Bu Gayatri memperhatikan dengan saksama sampai gudegnya matang.

Ibu mengambil gudeg yang sudah matang lalu ditempatkan di mangkuk. Sambil menunggu Bapak pulang, aku dan Pandu bercerita tentang sekolah. Ibu dan Bu Gayatri melihat-lihat tanaman di teras.

Setelah Bapak datang, Ibu mengajak Bu Gayatri dan Pandu makan. Bu Gayatri dan Pandu suka sekali masakan gudeg Ibu. Mereka puas dengan masakan Ibu.



Aku lan Pandu isih ajeg anggone kirim-kiriman layang elektronik. Ibu lan Bu Gayatri malah padha ijolan nomer telepon.

“Rum, iki tontonen!” ngendikane Ibu sinambi mirsani telepon.

Bu Gayatri ngirim poto lodhong kaca cilik. Ing njabane, ana gambar kuwali lan tulisan *Gudheg Mirasa Yogyakarta*. Gambar mau sing gawe Pandu. Bu Gayatri ngendika, gudhege Ibu arep didolake *online* nganggo adhah lodhong mau.

Dakakoni, Pandu pancen pinter nggambar. Umure sing isih sapantaranku wus pinter nggambar nganggo komputer. Dheweke uga asring menang lomba.

Aku dan Pandu masih saling berkirim surat elektronik. Ibu dan Bu Gayatri malah saling bertukar nomor telepon.

“Rum, coba lihat!” ucap Ibu sambil memperlihatkan layar telepon.

Bu Gayatri mengirim foto toples kaca berukuran kecil. Di bagian luar, terdapat gambar kuwali dan tulisan *Gudheg Mirasa Yogyakarta*. Gambar itu buatan Pandu. Kata Bu Gayatri, gudeg Ibu akan dijual secara daring dengan toples itu.

Kuakui, Pandu memang pandai menggambar. Umurnya yang baru seusia aku sudah pandai menggambar dengan komputer. Ia juga kerap menang lomba.





“Bapak mesthi seneng yen ngerti kabar iki, Rum,” ngendikane Ibu katon sumringah.

Bener, nalika Bapak kondur, Bapak bungah tenan. Aku uga seneng amarga kanca anyarku bisa gawe seneng Bapak lan Ibu.

“Bapak pasti senang kalau mengetahui kabar ini, Rum,” kata Ibu semringah.

Benar saja, saat Bapak pulang, beliau teramat gembira. Aku pun bahagia karena teman baruku bisa menyenangkan hati Bapak dan Ibu.

# Biodata

## Penulis dan Penerjemah



**Latif Nur Janah**, penulis kelahiran Sragen, 1990. Menulis fiksi dalam bahasa Indonesia dan bahasa Jawa. Bukunya berjudul *Suwung* (Surya Pustaka Ilmu, 2022) adalah kumpulan cerita pendek berbahasa Jawa. Penulis pernah menjadi nominator 15 karya terbaik sayembara cerita anak berbahasa Jawa oleh Balai Bahasa Jawa Tengah (2022) dengan bukunya berjudul *Trondhol*. Cerpennya, *Awan di Pelupuk Mata* menjadi pemenang lomba menulis Gebyar Kedaulatan Santri (2021). Beberapa cerita pendeknya dimuat di media cetak dan daring. Saat ini menetap di Gemolong, Sragen, Jawa Tengah. Bisa dihubungi melalui posel [latifnurjanah@gmail.com](mailto:latifnurjanah@gmail.com).

## Ilustrator



**Eros Rosita**, senang berpindah-pindah. Bekerja sebagai *graphic designer*. Suka membuat ilustrasi dan sesekali menulis cerita pendek. Bisa disapa melalui IG: [@\\_aoshy](https://www.instagram.com/_aoshy)

## Penyunting



**Nindwihapsari**, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel [nindwihapsaribby22@gmail.com](mailto:nindwihapsaribby22@gmail.com).



CERDAS  
BERLITERASI







MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ibu guru memberi tugas baru,  
yaitu menulis surat untuk 'sahabat pena'.  
Arum menulis surat tentang memetik nangka muda di kebun  
sampai dimasak menjadi gudeg.  
Arum mendapatkan teman baru bernama Pandu.  
Ternyata Pandu belum pernah makan gudeg.  
Panduan dan ibunya akan berkunjung ke rumah Arum.

Simak kelanjutan sahabat pena ini dalam cerita "Kanca Anyar".

ISBN 978-623-112-587-3 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023**